Pou Piblikasyon Imedya: 6/2/2016 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

ETA NEW YORK LANSE PREMYE FAZ NAN YON PLAN DAKSYON SAN PARÈY $10.4 MILYA

Yo te pibliye demann pou pwopozisyon pou 1,200 inite lojman sipòtif

Imedyatman bay plis pase 500 kabann pou moun ki sanzabri yo nan Vil New York

Enspeksyon konplè abri yo nan tout eta

Kreye Konsèy Entè-ajans sou Gid Règleman Sanzabri

Jodia, Eta New York te anonse lansman premye faz plan daksyon sanzabri, sa ki fè pati nan yon pake inisyativ konplè ak plizyè-fasèt ki gen ladan plizyè ajans. Nan diskou 2016 li sou sitiyasyon eta, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pwopoze yon angajman istorik $10.4 milya pou konbat sanzabri nan tout eta sou pwochen senk ane yo, sa ki gen ladan $2.6 milya pou nouvo inite lojman sipòtif ak $7.8 milya pou angajman kontinyèl nan sipò inite lojman ki egziste deja, kabann abri, ansanm avèk lòt sèvis sanzabri.

Nan diskou l jodia nan rezo Lojman Sipòtif konferans anyèl Eta New York, Komisyonè New York State Homes and Community Renewal James S. Rubin te mete aksan sou premye faz plan daksyon an, ki gen ladann:

- Yo te pibliye demann pou pwopozisyon pou 1,200 inite lojman sipòtif. RFP se premye faz plan $2.6 milya pou devlope 6,000 inite lojman sipòtif sou pwochen senk (5) ane yo.
- Adrese mank lojman abri nan Vil New York lè li bay Vil New York plis pase 500 kabann nan etablisman eta ki gen lisans ki pa itilize pou sanzabri yo.
- Kreye yon Konsèy Entè-ajans pou eksplore solisyon ki vize sanzabri epi rekòmande pi bon pratik ak règleman pou reponn a bezwen kontinyèl kominote a ak patikilye yo.
- Konplete enspeksyon tout 916 abri moun ki pa gen kay yo nan eta epi pran aksyon pou amelyore kondisyon abri pou moun ki pa gen kay yo kidonk etablisman yo ansekirite, pwòp ak byen antreteni.

Komisyonè NYS Homes and Community Renewal James S. Rubin te deklare:
"Avèk asistans finansye san parèy pou konbat sanzabri, plan daksyon Gouvènè Cuomo a se yon apwòch laj kap rive atenn tout moun pou adrese youn nan pwoblèm konpwomi ki pi boulvèsan nan sosyete a. Li konpreyansif nan sans ke li sèvi tout eta, men li fèt pou li fleksib na n solisyon lap bay– konprann ke pa gen okenn fason inik pou rezoud

sanzabri. New York te toujou pare epi anmezi pou gade novo apwòch ak bon lide pou rezoud sa sèten moun ta gade tankou yon pwoblèm entretab. New York te lanse yon modèl lojman sipòtif e grasa angajman pwofon Gouvènè Cuomo pou konfwonte anpil rasin koz kwonik sanzabri, nap kontinye dirije."

Sipò Lojman Pèmanan

Inisyativ Lojman sipòtif Empire State Mande Pwopozisyon ki te pibliye jodia pa Biwo Sante Mantal Eta New York (OMH) kap chèche pou finanse apeprè 1,200 inie lojman sipòtif pèmanan. Inite sa yo sèvi moun ki vilnerab ki gen bezwen spesyal, e li pral gen ladan yon vayrete sèvis sipò ki adapte nan bezwen yo tankou fòmasyon travay, konsèy fòmasyon lavi endepandan, benefis defans ak asistans pou jwenn ak kenbe swen sante mantal prensipal.

Delè pou pwopozisyon yo se nan 45 jou ak kondisyon notifikasyon kondisyonèl pral fèt nan fen mwa dout. Lajan ki te atribye grasa Empire State RFP pral finanse operasyon ak sèvis ke lojman sipòtif te bay; finansman pou konstriksyondisponib atravè yon kantite lòt pwogram finansman kapital ak lokal Eta New Yorke li pa kouvri anba RFP sa a.

Kabann Abri Ijans

Anplis, eta te idantifye 513 kabann abri ijans nan etablisman eta ak lokal ki pa itilize ki pa gen lisans pou bay soulajman imedyat pou popilasyon sanzabri ki nan lari a ansanm avèk moun ki gen pwoblèm sante mantal oswa pwoblèm abi sibstans. Eta pral travay avèk Vil New York pou idantifye founisè yo ki gen eksperyans ak espesyalite pou l jere avèk siksè etablisman sa yo.

Kreye Konsèy Entè-ajans sou Gid Règleman Sanzabri nan tout eta

Nan desanm 2015, plis pase 100 lidè non-pwofi ki adrese pwoblèm sanzabri te rankontre avèk alatèt ajans yo osijè travay yo. Pou ede gide ak amelyore repons ankou Eta pou sanzabri yo ale odela lide ke pa gen yon solisyon inik nan sanzabri, Gouvènè Cuomo ap fòme Konsèy Entè-ajans sou sanzabri, ko-prezide pa Fran Barrett, kowòdonatè Entè-ajans Gouvènè a pou sèvis Non-pwofi, ansanm avèk Komisyonè HCR James S. Rubin.

Chaje pou pran yon konsiderasyon konpreyansif nan pwoblèm sanzabri nan tout eta, Konsèy Entè-ajans la pral travay kolaborativman sou pwochen 24 mwa yo avèk founisè ansanm avèk gouvènman lokal yo pou idantifye pwoblèm yo, pouswiv solisyon ak etabli yon seri pratik fleksib ak kreyatif, enkli pou asire yon swen kontinyèl nan tout eta epi fè yon revizyon sou politik ak pwosedi ki kapab elimine sèvis.

Konsèy Entè-ajans lan pral bay yon opòtinite pou kontinye dyalòg enpòtan sa e li pral kòmanse travay li touswit, avèk plan pou pibliye premye rapò li nan desanm 2016. Manm Konsèy yo se:

- Dr. Rosa Gil, Prezidan ak PDG Comunilife
- Tony Hannigan, Fondatè ak Direktè Egzekitif Sant pou Sèvis Iben
- Deborah Damm O'Brien, Direktè Egzekitif Catholic Charities Housing Albany
- Lilliam Barrios Paoli, Konseye Prensipal pou Prezidan Hunter College,

Prezidan Konsèy Direktè NYC Health + Hospitals
- John Paul Perez, Partner Relations Associate, Founisè Sistèm Pèfòmans Finger Lakes (FLPPS)
- Reveran Dr. Maria A. Scates, D.D. PDG/Fondatè Sant Park Johnson Utica
- Melissa Spicer, Direktè Egzekitif Clear Path pou Veteran yo
- Christine Quinn, Prezidan ak PDG WIN
- Bobby Watts, Direktè Egzekitif Care for the Homeless
- Dale Zuchlewski, Direktè Egzekitif, Homeless Alliance of Western New York

Konsèy la gen ladan lidè yo nan kominote a ki soti toupatou nan Eta, ansanm avèk reprezantan yo ki soti nan lòt ajans yo, sa ki gen ladan Biwo Asistans Pwovizwa ak Asistans pou Moun Andikape, New York State Homes and Community Renewal, Biwo Sante Mantal, Depatman Sante, Biwo pou Alkòl ak Sèvis Abi Sibstans, Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi, Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè, Depatman sante enkli Enstiti pou SIDA, ansanm avèk Biwo pou Prevansyon ak Vyolans nan Kay.

Inisyativ Enspeksyon nan tout eta

Amelyore kondisyon abri pou moun ki pa gen kay yo kidonk etablisman yo ka ansekirite, pwòp ak byen antreteni enpòtan nan siksè plan daksyon sanzabri. Nan diskou eta sou sitiyasyon eta, Gouvènè a te anonse yon efò kowòdone san parèy pou antreprann enspeksyon nan chak abri nan eta. Enspeksyon sa yo te fini ofisyèlman. Inisyativ enspeksyon plizyè-ajans Eta sou abri pou moun ki pa gen abri yo, ke ODTA dirije, te dekouvri defisyans nan 97 pousan abri yo nan Eta New York. Sa gen ladan plizyè milye pwoblèm kalite lojman ki afekte sante, sekirite ak kalite lavi rezidan yo. Vyolasyon sa yo pa akseptab. An repons, jodia eta ap anopnse ke li pral:

- Egzije pou tout abri pou moun ki sanzabri yo itilize lajan piblik pou yo ka sijè a règleman eta epi pou eta enspekte yo chak ane, sa ki gen ladan abri pou premye fwa ki te kategorize anvansa kòm abri 'ki pa sètifye'
- Mande pou yo korije defisyans yo nan abri yo nan delè ki spesifye yo (jan li souliye anba) oswa Eta pral pran aksyon ranfòsman enkli men ki pa limite a fèmen abri yo, enstale yon operatè tanporè, kenbe ranbousman ak/oswa limite patisipasyon nouvo rezidan.
- Mande pou operatè chak abri ijans soumèt yon plan sekirite bay distri sèvis sosyal lokal li epi mande pou chak distri soumèt yon plan sekirite konplè pou apwobasyon OTDA. Regleman an pral egzije tou pou yo rapòte tout ensidan sekirite grav yo nan Eta.
- Revize ak apwouve pousantaj *per diem* ki etabli pou tout kalite abri yo. Eta te jwenn ke pri distri sèvis sosyal lokal peye operatè abri yo varye anpil, endepandaman de kalite ak kondisyon abri a ansanm avèk sèvis sosyal li bay la. Eta pral asire ke pousantaj ranbousman yo apwopriye pou kalite sèvis abri ke yo te bay ki sifizan pou kenbe abri yo ansekirite, pwòp ak byen antreteni.

Jodia, tout distri sèvis sosyal lokal yo te resevwa rapò endividyalize sou rezilta yo. Eta pral travay avèk distri sèvis soyal lokal eta pou devlope yon plan daksyon korektif pou tout abri yo avèk vyolasyon. Plan daksyon korektif la pral egzije ke operatè abri a bay satisfaksyon evidans ke yo te remedye vyolasyon an.

Yo pral pran aksyon anplis nan ka abri yo avèk vyolasyon ki pi grav yo:

- Eta pral mete anplas sèten abri daprè yon operatè tanporè sof si vyolasyon règleman yo te rezoud nan lespas 90 jou.
- Abri yo ki gen vyolasyon ki pi grav pou chak inite pral sijè a fèmti nan 180 jou si yo pa adrese vyolasyon an konplètman.

Nenpòt abri ki te oblije soumèt yon plan fèmti dwe asire ke rezidan yo anplas swa nan lojman pèmanan oswa nan yon lòt abri anvan dat fèmti a. Se responsabilite distri lokal la pou asire ke tout rezidan aktyèl yo loje komsadwa anvan abri a fèmen. Eta pral kontwole tout rezidan nan kalite abri sa yo pou konfime ke yo te byen anplas nan lojman pèmanan oswa yon abri ki pwòp, ansekirite ak byen antreteni.

Ekip milti-ajans la te enspekte tout 916 abri moun ki pa gen kay yo nan eta sou yon peryòd 35-jou. Enspektè yo te jwenn 25,815 vyolasyon abitabilite ak standa sekirite ki te afekte sante ak sekirite rezidan abri yo, sa ki gen ladan 4,344 vyolasyon ke yo te klase kòm grav.

Ou ka wè rapò konplè a la.

Kowòdonatè Sèvis Interagency for Not-for-Profit Fran Barrett te deklare: "Sitiyasyon sanbri a terib. Lè nou mete ansanm konpetans ak eksperyans toulède ajans yo nan eta ak espesyalizasyon prive, nou pral kòmanse ranvèse yon tandans ki te lakoz nan plis pase 88,000 moun eksperimante sanzabri pandan nenpòt nwit toupatou nan Eta. Gouvènè a pafètman konsyan sou pousantaj remakab ogmantasyon fanmi sanzabri e li bay Konsèy Entè-ajans lan reponsabilite pou l rive jwenn yon solisyon bon sans ideyal."

Komisyonè Biwo Sante Mantal Ann Sullivan te deklare: "Envestisman istorik Gouvènè Cuomo nan batay kont sanzabri pral bay plizyè milye rezidan New York sipò yo bezwen pou rebati lavi yo. Pou moun yo ki gen difikilte avèk maladi mantal ansanm avèk twoub sibstans, yon kote ki ansekirite avèk sèvis entegre se yon wout ki pwouve pou rekiperasyon ak rezistans. Plan Gouvènè a pral amelyore lavi rezidan nou yo ki pi vilnerab nan mete ansanm ajans yo, kominote ansanm avèk founisè sèvis yo pou kreye solisyon tanjib kap chèche pou mete fen nan sanzabri nan Eta New York."

Komisyonè Biwo Eta New York pou Asistans Tanporè ak Moun ki gen Andikap Samyèl D. Roberts te deklare: "Revizyon konplè lojman sanzabri sa nan tout eta se yon premye etap enpòtan pou kreye estanda ki dwe satisfè. Aksè nan pwòp kay ou, keseswa se yon sèl chanm oswa yon apatman, ka abilite moun yo ki twouble oswa otreman diminye sou chans yo pou gade pidevan nan yon avni ki endepandan ak pi briyan."

Lilliam Barrios Paoli, Konseye Prensipal pou Prezidan Hunter College, Prezidan Konsèy Direktè NYC Health + Hospitals te deklare: "Angajman Gouvènè Cuomo pou envesti nan lojman a bon mache epi takle kriz sanzabri sa pote New York nan yon demen miyò. Apati pou etabli yon konsèy entè-ajans sou sanzabri pou demare

devlopman 1,200 inite lojman sipò ki dezespereman nesesè, New York ap takle kriz sanzabri alavans. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou lidèchip li sou pwoblèm sa e map rete tann pou m wè envestisman istorik sa pral gen sou lavi Nouyòkè nou yo ki pi vilnerab."

Dr. Rosa Gil, Prezidan ak PDG Comunilife te deklare: “Aksyon Eta New York te anonse jodia enperatif pou redwi kriz sanzabri. Lè nou bay finansman pou nouvo inite lojman, kabann ak sèvis sipò, Eta ap pran yon etap agresif nan bi pou asire ke sila yo ki nan bezwen gen aksè a resous ki pral mete yo sou wout sante, rekiperasyon ak pwosperite. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo pou kalite dirijan li sou pwoblèm sa a, ansanm avèk amelyore lavi tout Nouyòkè yo.”

Tony Hannigan, Fondatè ak Direktè Egzekitif Sant pou Sèvis Iben te deklare: “Travay sou Konsèy Entè-ajans sou sanzabri se yon gwo opòtinite pou mwen ansanm avèk tout moun kap travay sou sa pou ede fòme pi bon sistèm sèvis ak lojman pou moun ki sanzabri yo ansanm avèk fanmi yo nan New York.”

Deborah Damm O'Brien, Direktè Egzekitif Catholic Charities Housing Albany te deklare: "Gouvènè Cuomo ak NYS ap dirije wout la nan lit kont sanzabri, pwouve kèlkeswa jan li anvayisan, oswa li parèt endontab, gouvènman ansanm avèk patnè li yo ka takle avèk siksè kriz sa. Plan daksyon konpreyansif sa non sèlman kenbe plis moun andeyò lari a, men lap asire ke sanzabri ak vilnerabilite ke yo ka gen espwa ak yon kay. Jodia konpa moral New York pwente nan bon direksyon an, e mwen fyè paske m jwe yon wòl nan sèvi Konsèy Entè-ajans konsiltatif la."

John Paul Perez, Partner Relations Associate, Founisè Sistèm Pèfòmans Finger Lakes te deklare: “Konbat sanzabri se yon defi, men plan daksyon ke Eta New York te anonse jodia ap bay pwoteksyon ak espwa pou anpil moun ansanm avèk fanmi yo nan New York. Mwen fyè paske mwen fè pati nan Konsèy Entè-ajans sou sanzabri Gouvènè Cuomo nan tout eta, kote nou pral kontinye travay nou nan konbat kriz sa nan devlope règleman rekòmandasyon reyèl epi bay apèsi nan pwoblèm sa kap grandi nan New York."

Christine Quinn, Prezidan ak PDG WIN te deklare: “Kòm enpak sanzabri ap grandi nan kominote nou yo, Gouvènè Cuomo te yon fwa ankò kanpe e lap bay solisyon tanjib pou tout Nouyòkè yo. Inisyativ demaraj sa yo, gen ladan delvopman 1,200 inite lojman sipòtif ki pral fè yon diferans fondamantal nan lavi timoun ak fanmi New York yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou efò konpreyansif li nan konbat kriz sa, e mwen pa ka tann pou m yon bon patnè nan plan daksyon sa a.”

Brenda Rosen, Prezidan ak PDG Breaking Ground te deklare: "Nou pa ka fin remèsye Gouvènè Andrew Cuomo ase pou angajman pèmanan nan ede Nouyòkè sanzabri yo pou restore lavi yo. Lojman tranzisyon se yon resous enpòtan pou kraze sik enstabilite lojman ak sanzabri pou kèk nan kliyan nou yo ki pi vilnerab. Asistans jenere Gouvènè a nan etablisman yo ke eta dirije pou devlopman lojman tranzisyon pral yon resous enpòtan nan efò nou pou mete fen nan sanzabri.”

Muzzy Rosenblatt, Direktè Egzekitif BRC te deklare: "Mwen rekonesans epi enspire pa detèminasyon inebranlab Gouvènè Cuomo pou kenbe yon atansyon sou bezwen Nouyòkè ki sanzabri yo, vwazen nou yo ki pi vilnerab, ak angajman kontinyèl pou kreye opòtinite epi bay resous ki kapab e ki pral fè yon enpak pozitif ak siyifikatif sou lavi moun yo. Lidèchip li gen ladan lespri FDR, ki te di "tès pwogrè nou se pa si nou ajoute plis abondans pou moun sila yo ki gen anpil, men se si nou bay ase pou sila yo ki pa gen anyen."

Reveran Dr. Maria A. Scates, D.D. PDG/Fondatè Sant Park Johnson Utica te deklare: "Sanzabri – sa ki vizib ak sa ki kache – montre divizyon ant sila yo ki genyen ansanm avèk sa yo ki pa genyen. Plan daksyon eta bay solisyon pwisan nan pwoblèm mond reyèl la, epi kondwi aksyon sa yo delavan avèk yon envestisman san parèy nan konbat kriz sanzabri. Antanke yon moun ki te eksperimante sanzabri pèsonèlman, mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo pou kalite dirijan li nan travay pou ranfòse fanmi New York la."

Melissa Spicer, Direktè Egzekitif Clear Path pou Veteran yo te deklare: "Sanzabri se yon kriz nan New York, e Gouvènè Cuomo te mete alavans solisyon ki baze sou apwòch kap adrese dilèm moral anvayisan sa. Asire ke veteran nou yo, ki te mete lavi yo andanje nan fason pou prezève pwoteksyon nou, gen yon kote konfòtab pou yo rele lakay yo se yon priyorite, e mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip ak angajman l pou pwoteje yon popilasyon ki ta dwe byen pou Nouyòkè yo, se pa pou yo viv nan sanzabri."

Dale Zuchlewski, Direktè Egzekitif, Homeless Alliance of Western New York te deklare: "Sanzabri te yon kriz nan eta nou an pandan plizyè deseni – men avèk plan daksyon solid sa, New York ap lanse yon repons san parèy pou atake pwoblèm sa alabaz. Lè nou bay finansman imedyatman pou plis pase 1,200 inite lojman sipòtif, 500 kabann, ak sèvis sipò, moun sila yo ki nan bezwen pral gen pi bon aksè nan reosus ki nesesè pou ede yo soti nan lari a ak pou yo pran yon direksyon pou yon pi bon demen. Mwen konplimante Gouvènè Cuomo pou angajman l nan amelyore kalite lavi pou plizyè milyon moun nan eta."

Bobby Watts, Direktè Egzekitif Care for the Homeless, Vil New York te deklare: "Nou te gen yon gwo egzanp nan nivo federal de yon Konsèy Entè-ajans ki te ede pou mobilize resous yo. Se youn nan pi bon envestisman nou ka fè nan adrese sanzabri."

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418